

# ANSEYE POU AYITI 2017

REYALIZASYON ANE

Ak gwo sipò patnè ak alye nou yo, Anseye Pou Ayiti evolye soti nan yon vizyon ale nan mobilizasyon sou tèren pou komansman yon mouvman nasyonal. Nou ap grandi, men APA rete byen konekte ak orijin travay tère mouvman an ki pral fè opòtinite egal nan edikasyon an vin tounen yon revolisyón ann Ayiti.

Sa a se ane 2017 nou an an rezime.



## ENPAK ANSEYAN-LIDÈ AK APRENAN-LIDÈ YO

- ✓ Anseyan-lidè APA yo reyalize **84%** reyisit nan sal klas yo nan fen ane eskolè a, tandiske lekòl fondamantal nan kominote yo genyen yon mwayèn 30% reyisit sèlman.
- ✓ **1/3** nan sal klas kote gen yon anseyan-lidè reyisi a **100%** nan mwa jen 2017.
- ✓ APA plase anseyan-lidè nan **10** lekòl fondamantal an plis ane sa a nan zòn riral kote ki te manke yon anseyan. Nan mwa septanm 2017, nou rive genyen patenarya ak **46** lekòl e nou travay ak plis pase **5,100** aprenan.



## ENPAK KOMINOTÈ AK SIVIK

- ✓ Kontinye fè pwomosyon pou sal klas nou yo kòm kote n ap aplike pwogram nan, epi kominote kote n ap travay yo kòm kote chanjman an ap opere.
- ✓ Òganize fowòm pedagojik nan kominote kote nou devlope patenarya yo, kote nou envite tout anseyan ak direktè lekòl pou vin fè yonn ak nou nan yon jefò kolektif pou chèche ekselans nan ansèyman-aprantisaj.
- ✓ Kole tèt ak plis pase **10** òrganizasyon ak gwoup nan sosyete sivil la pou diskite sou kalite edikasyon ann Ayiti.



## DEVLOPE MOUVMAN AN

- ✓ Gradye pyonye anseyan-lidè kowòt 2015 lan. Aprenan-lidè yo dirije seremoni an !
- ✓ Nou resevwa **700+** aplikasyon pou **45** anseyan-lidè nou t ap rekrite pou kowòt 2017. Kandida ak pwofesyonèl yo soti toupatou ann Ayiti.
- ✓ Anseyan-lidè ak alumni anbasadè APA yo atire atansyon medya lokal tankou entènasyonal.



**PWOBLÈM YO ANPIL, MEN SOLISYON YO POSIB.**


**THE PROBLEMS ARE MANY, BUT THE SOLUTIONS ARE POSSIBLE.**

– APA Team Proverb –


Anseye Pou Ayiti sou wout pou li reyalize objektif **5** ane li a nan 2020 nan ekipe **250** anseyan-lidè ayisyen, travay ak **75** lekòl patnè nan pwovens, e kreye yon enpak sou lavi **16,000** aprenan. Yon remèsiman espesyal pou tout patnè ak alye nou yo deske yo kanpe nan solidarite ak mouvman nou an!

## KWASANS DEPI LANSMAN NOU AN 2014


**APRENAN**




**KANDIDA (APLIKASYON POU KOWÒTLA)**



**ANSEYAN-LIDÈ**



**LEKÒL PATNÈ**



Anseye Pou Ayiti se yon nouveau jenerasyon lidè sivik lokal k ap bay lidèchip transfomasyonèl la fom e fè pledwari pou tout timoun jwenn yon menm nivo edikasyon ann Ayiti. Nou kwè tout aprenan kapab reyisi. Aprenan-lidè nou yo ekipe pou pote yon transfòmasyon.